

**KAJIAN FILOLOGI SĀHĀ PANGRĒMBAG BAB AHLI NĒRĀKĀ MITURUT
AGAMI ISLAM WONTĒN SYIIR SĒKĀR CĒPĀKĀ**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunajĕngakĕn dhatĕng Fakultas Basaha dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

minĀngkĀ Jĕjangkĕping *Pandadaran*

Anggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*



dĕning

Lanjar Nurcahyo

NIM 14205244015

Yogyakarta, Agustus 2018
Pembimbing

Venny Indria Ekowati, M. Litt.
NIP 19791217200312 2003

Yogyakarta, Agustus 2018
Ketua Jurusan,

Prof. Dr. Suwardi, M. Hum.
NIP 19640403 199001 1 004

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2018

KAJIAN FILOLOGI SÂHÂ PANGRÊMBAG BAB AHLI NÊRÂKÂ MITURUT AGAMI ISLAM WONTÊN SYIIR SÊKAR CÊPÂKÂ

PHILOLOGY STUDY AND DISCUSSION OF THE INHABITANTS OF HELL ACCORDING TO ISLAM

Déning: Lanjar Nurcahyo, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta. lanjarnurcahyo35@gmail.com

SARINING PANALITÈN

Ancas saking panalitèn mênikâ wontên gangsal, (1) ngandharakên *deskripsi teks SSC*, (2) ndamêl *transliterasi teks SSC*, (3) ndamêl *suntingan teks SSC*, (4) ndamêl *terjemahan teks SSC*, sâhâ (5) ngandharakên ahli nêrâkâ miturut agami Islam ingkang kawrat ing *teks SSC*. Panalitèn mênikâ ngginakakên kalih *metode*, inggih mênikâ *metode* panalitèn *filologi.sâhâ metode* panalitèn *deskriptif*. Salajêngipun *sumber data* panalitèn mênikâ inggih *naskah sâhâ teks SSC* minangka *naskah koleksi* pribadi, alamat ing Séwon, Bantul. Cârâ ngêmpalakên *data* ing panalitèn mênikâ ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*, inggih mênikâ kanthi nindakakên *inventarisasi naskah*, ndamêl *deskripsi naskah*, ndamêl *transliterasi, suntingan, terjemahan teks, sâhâ analisis* isining *teks SSC*. *Analisis data* ngginakakên *teknik analisis deskriptif*. Asiling panalitèn mênikâ ngandharakên gansal bab, sapisan inggih mênikâ *deskripsi naskah sâhâ teks SSC*, kaandharakên bilih *naskah SSC* mênikâ kawontênanipun taksih saé sâhâ taksih wêtah *teks* sabên kacanipun, sêratanipun taksih cêthâ dipunwaos. Kaping kalih, ndamêl *transliterasi teks SSC*, inggih saking sêratan aksârâ Arab Pégon dhatêng aksârâ Latin kajumbuhakên adhêdhasar *ejaan* ingkang limrah, lajêng ngasilakên *karakteristik ejaan, variasi ejaan, sâhâ kekhasan teks*. Tigâ, ndamêl *suntingan teks*. Asiling *suntingan teks* kaandharakên ing *aparatur kritik* ingkang ngasilakên sangâlas têmbung ingkang dipun-sunting. Ananging ugi dipunjagi *kekhasan-ipun*, milâ têmbung ingkang dipunwastani *ciri khas teks* botên dipun-sunting. Sakawan, ndamêl *terjemahan teks* saking bâsâ Indonesia wontên bâsâ Jawi. Têmbung-têmbung ingkang awrat dipun-*terjemah-akên* lajêng kaandharakên wontên cathêtan *terjemahan*, ingkang kapanggihakên wolulas têmbung. Gangsal, isining *teks SSC* ngêwarat pangrêmbag bab ahli nêrâkâ adhêdhasar piwulang agami Islam amargi *teks-ipun* ajinis *teks Syiir*. Ahli nêrâkâ kasêbut wontên pitu, gayut kaliyan gunggung nêrâkâ, inggih mênikâ 1) Nêrâkâ *Hawiyah* tiyang munafik, 2) Nêrâkâ *Jahim*, tiyang ingkang nyêkutokakên Allah 3) Nêrâkâ *Saqar*, tiyang ingkang kafir kitâbé 4) Nêrâkâ *Ladha*, iblis, kafir majusi sâhâ tiyang ingkang botên sagêd nyandhêt napsu lahiriyah 5) Nêrâkâ *Hutamah*, kafir Yahudi 6) Nêrâkâ *Sangir*, kafir Nasrani, sâhâ 7) nêrâkâ *Jahanam*, umat Muhammad ingkang nindakakên dosâ agêng. Sanèsipun mênikâ, kapanggihakên satunggal wêlas ahli nêrâkâ ingkang dipunlaknat Gusti Allah nalikâ kiyamat.

Abstrac

The study was made with the aim to, (1) describe the text description of SSC, (2) make the transliteration of the SSC text, (3) make edits to the SSC text, (4) make the translation of the SSC text, and (5) describe the hell expert according to the existing Islamic religion in the SSC text. This study uses two methods, namely the method of philological research and descriptive research methods. Furthermore, the source of this research data is the script and the SSC text. The method of collecting data in this study uses philological research methods, namely by inventorying manuscripts, making script descriptions, transliterating, editing, translating text, and analyzing SSC text content. Data analysis using descriptive analysis techniques. The results of this study describe five chapters, the first is the script description and SSC text, it can be seen that the SSC script is still in good condition and the writing can still be read easily. second, make transliteration of SSC text, from Arabic Pegon to Latin script, matched with standard spelling. Then from that it produces spelling characteristics, spelling variations, and text peculiarities. Three, make text edits. The results of the edited text are described in the critics' apparatus and then produces nineteen edited words. However, the specificity of the text is also maintained, therefore the word that is considered as a characteristic of the text is not edited. Four, make translations of texts from Indonesian into Javanese. Words that are difficult to translate are then translated into translation notes and found eighteen words. Five, the contents of the SSC text contain a discussion of the inhabitants of hell based on the teachings of Islam because of the type of text Syiir. The inhabitants of hell have seven parts, according to the number of hells, namely 1) Hell of the Hawaiyah of the hypocrites, 2) Hell of God, the one who associates partners with Allah 3) Hell of Saqar, the one who is a pagan book 4) Hell Ladha, the devil, the infidel and the person who can not resist the lust 5) Hell Hutamah, Gentile Jews 6) Hell Sangir, Gentile Christians, and 7) Hell Hell, the people of Muhammad committed a great sin. Besides that, there were also eleven classes of prospective hell-dwellers who were cursed by Allah when the end of the world.

Keywords: *Philologi, inhabitants of hell, SSC*

PURWAKA

Masyarakat Jawi mênika satunggaling masarakat ingkang amarsi kathah têtilaran kabudayaan adi luhung saking pàrà lèluhur. Satunggaling têtilaran ingkang wontên ing masarakat Jawi mênika wohing pamikir manungsa jaman rumiyin ingkang kasêrat wontên dlancang sâhâ sajinisipun. Dlancang ingkang ngêwrat sêratan wohing pamikiripun pàrà lèluhur mênika kathah ingkang dèrèng dipunmangrêtosinipun. Salajêngipun, danguning-dangu sêratan mênika sagêd risak, manawi botên dipunlêstantunakên.

Salah satunggaling câra nglêstantunakên sâhâ mangrêtosin asiling pamikir masarakat jaman rumiyin ingkang kasêrat wontên dlancang mênika kanthi dipuntaliti. *Kajian filologi* mênika salah satunggaling câra panalitèn *mendalam* ingkang mêdhar satunggaling *objek* panalitèn ingkang ngêwrat ngèlmi tartêmtu, inggih mênika *naskah* sâhâ *teks*. Mulyani (2014: 1) ngandharakên bilih *filologi* mênika satunggaling *disiplin* ingkang gêgayutan kaliyan karya asiling kabudayaan masarakat jaman rumiyin. Sanèsipun mênika, Baroroh Baried (1983: 2) ngandharakên bilih *kajian utami filologi* inggih mênika bâsa, mliginipun bâsa ingkang wontên ing salêbêtipun *teks-teks* lami.

Gayut kaliyan andharan ing nginggil *objek* panalitèn wontên *filologi* inggih mênika *naskah* sâhâ *teks*. Baried lumantar (Saputro, 2008: 4) ngandharakên bilih *naskah* utawi *manuscript* mênika wujudipun *konkret*, inggih mênika samukawis ingkang sagêd dipunpirsani sâhâ sagêd dipuncêpêng. Wondéné Robson (1994: 26) ngandharakên bilih *naskah* mênika sadâyâ bahan

panyêrating sêratan carik. Salajêngipun *naskah* Jawi salah satunggaling asil kabudayaan Jawi ingkang dipunanggit déning ahli ngèlmi tartêmtu utawi *sastrawan* ingkang wontên ing jamanipun, *teks*-ipun dipunsêrat mawi aksâra Latin, aksâra Jâwâ, aksâra sâhâ Arab Pégon, ingkang basaning *teks* ngginakakên bâsa Jawi.

Salah satunggaling *naskah* Jawi ingkang *teks*-ipun kalêbêt *teks syiir* inggih mênika *Syiir Sêkar Cêpâkâ* anggitanipun Li Abi Muhammad Al-Hajawi. *Teks Syiir Sêkar Cêpâkâ* mênika kasêrat mawi aksâra Arab Pégon. Salajêngipun *Syiir Sêkar Cêpâkâ* mênika dipncêkak dados *SSC*. *Teks SSC* mênika isinipun ngandharakên sapérangan gambaran sâhâ kahanipun pàrà ahli nêrâkâ miturut piwulang agami Islam. *Teks SSC* mênika ngêwrat bab kahanipun tiyang ingkang dipunsiksa, ngandharakên jinising nêrâkâ, sâhâ pérangan manungsa ingkang dipunsiksa.

Ngèngingi *naskah SSC* mênika *teks*-ipun kasêrat mawi aksâra Arab Pégon, milâ kédah wontên salinanipun supados langkung gampang dipunmangrêtosin masarakat umum. *Teks SSC* mênika kédah dipunsalin amargi dèrèng kathah tiyang ingkang sagêd maos aksâra Arab Pégon, ugi taksih lêngkâ ingkang ngrêmbag. Aksâra Pégon ing masarakat adatipun namung dipunrêmbag ing *lingkungan* masarkat pêsantrèn.

Naskah ingkang dipunginakakên minangkâ *sumbêr data* panalitèn mênika inggih *SSC* minangkâ *naskah koleksi* pribadi. *Naskah* mênika kalêbêt *naskah tunggal*, amargi nalika *inventarisasi naskah* botên kapanggihakên ing mapintên-pintên *perpustakaan*. *Naskah SSC*

Venny Indria Ekowati, M. Litt.

mênikâ kalêbêt *naskah* ingkang dèrèng dipuntaliti (Abdullah, 2006: 34).

Wondéné wosing prakawis panalitèn mênikâ 1) kadospundi *deskripsi naskah sâhâ teks SSC?*, 2) kadospundi *transliterasi teks SSC?*, 3) kadospundi *suntingan teks SSC?*, 5) kadospundi *terjemahan teks SSC?*, 6) kadospundi pangrêmbag bab ahli nêrâkâ wontên *teks SSC?*

CARANING PANALITÈN

Jinising Panalitèn

Câra *filologi* mênikâ satunggaling *metode* panalitèn ingkang *objek* panalitènipun *naskah sâhâ teks*. Gayut kaliyan andharan mênikâ, milâ *metode* panalitèn *deskriptif* dipunginakakên tumrapping câra panalitèn *filologi* mênikâ. *Metode deskriptif* mênikâ dipunginakakên wontên panalitèn mênikâ ancaspun kanggé ngandharakên *deskripsi naskah sâhâ teks*, asiling *suntingan teks*, *aparât kritik*, sâhâ *konsep* ahli nêrâkâ wontên *SSC*.

Sumber Panalitèn sâhâ Data Panalitèn

Sumbêr *data* panalitèn ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikâ inggih *teks Syiir Sêkar Cêpâkâ. SSC* mênikâ dipunanggit déning Li Abi Muhammad Al-Hajawi. *SSC* mênikâ dipunanggit wontên tahun 1952, umuripun *naskah* inggih mênikâ 60 tahun. *Naskah SSC* mênikâ minangkâ *naskah koleksi* pribadi, ingkang dipuntumbas saking buku Menara Kudus Yogyakarta. *Naskah SSC* mênikâ kapérang dados samak kaliyan isining *teks*. Wontên samakipun kasêrat irah-irahan *naskah*, asmaning panganggit *naskah SSC*, sâhâ katrangan isining *teks SSC. Teks* ingkang dipuntaliti mênikâ wontên 34 kâcâ. *Teks-*

Kajian Filologi sâhâ ... (Lanjar Nurcahyo) 3

ipun kasêrat mawi aksârâ Arab Pégon ingkang kasêrat kanthi *verso-recto* utawi wolak-walik wontên salêmbaring dlancang. Wondéné *naskah* mênikâ *teks*-ipun kasêrat mawi aksârâ Arab Pégon.

Caranipun Ngêmpalakên Data

Câra ngêmpalakên *data* wontên panalitèn mênikâ kanthi câra maos utawi *studi pustaka*, ningali utawi *pengamatan langsung*, sâhâ nyêrat. Maos dipuntindakakên supados mangrêtosipun wontên pundi kémawon *naskah* ingkang dipundadosakên *sumber* panalitènipunpanggihakên, sâhâ mangrêtosipun isining *teks* ingkang dipuntaliti. Wondéné ningali kanggé mangrêtosipun kawontênan *fisik*-ipun *naskah* ingkang dipuntaliti. Salajêngipun katrangan-katrangan ingkang sampun dipunpanggihakên lumantar maos sâhâ ningali lajêng dipunsêrat minangka *data* panalitèn. Wondéné anggènipun ngêmpalakên *data* ngginakakên lampahingpanalitèn *filologi* kanggé ngandharakên isining *teks SSC*.

Pirantosing Panalitèn

Pirantosing panalitèn ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikâ awujud *kartu data. Kartudata* dipundamêl kanggé nyêrat *data-data* ingkang dipunrêmbag inggih mênikâ 1) *Kartu Data Deskripsi Naskah*, 2) *Kartu Data Asiling Transliterasi sâhâ Suntingan Teks*, 3) *Kartu Data Asiling Terjemahan Teks*, 4) *Kartu Data Aparât Kritik*, 5) *Kartu Data Piwulang Moral*

Caranipun Ngrêmbag utawi Analisis Data

Cârâ *analisis data* ingkang dipunginakakên wontên Panalitèn mênikâ, inggih *analisis deskriptif* ingkang nggambarakên kanthi cêthâ sâhâ lêrês lumantar *indikator-indikator*-ipun. Rantamaning *analisis data* miturut Kaelan (2005: 69) wontên sakawan inggih mênikâ *reduksi data*, *klasifikasi data*, *display data* sâhâ damêl *penafsiran sâhâ interpretasi*. Wondéné andharan bab rêroncèning *analisis data* mênikâ dipunandharakên ing ngandhap mênikâ.

Caranipun Ngêsahakên Data

Cârâ ngesâhâkên *data* ing panalitèn mênikâ ngginakakên *validitas semantik* amargi *sumbêr data*-nipun awujud têmbung sâhâ klompoking têmbung ing *teks SSC*. Anggènipun ngêsahâkên mênikâ kanthi dipunwaos *data* panalitènipun. Pramilâ, kanthi cârâ mêkatên kaangkah sagêd kapanggihakên *data* ingkang valid. *Validitas semantik* dipunginakakên kanggé madosi maknâning *data* ingkang gayut kaliyan *konteks*-ipun (Kaelan, 2005: 175). Wondéné *reliabilitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikâ *reliabilitas intraratter*. *Reliabilitas intraratter* inggih mênikâ maos kanthi dipunambali satêmah kapanggihakên *data* ingkang sami utwi botên éwah.

ASILING PANALITÈN SÂHÂ PANGRÊMBAGIPUN

Teks Sêrat Wasitâdarmâ dipunsêrat ngginakakên dlancang polos warni soklat nèm. Kandêlipun *naskah* inggih mênikâ 0,2 *centimeter*. Ukuraning *naskah* wiyaripun inggih mênikâ 12 *centimeter*, déné panjangipun inggih mênikâ 18

centimeter. Ukuraning *teks*-ipun wiyaripun inggih mênikâ 10,8 *centimeter*, déné panjangipun inggih mênikâ 9,2 *centimeter*. Ukuraning *margin*-ing *teks* inggih mênikâ nginggil (*top*) 2 *centimeter*; ngandhap (*bottom*) 1,7 *centimeter*; kiwâ (*left*) 1,4 *centimeter*; têngên (*right*) 8 *centimeter*. Kathahing larik sabên kacanipun inggih mênikâ cacah 34 larik.

Naskah SSC namung ngêwrat satunggal *teks* kémawon inggih mênikâ *teks SSC*. *Teks SSC* kasêrat kanthi ngginakakên aksârâ Arab Pégon cithak. Sikaping aksaranipun inggih mênikâ jêjêg. Nomèripun kâcâ *teks SSC* mapan ing nginggil sisih têngah kanthi ngginakakên ângkâ Arab Pegon.

Transliterasi ing panalitèn mênikâ inggih saking aksârâ Arab Pégon wontên aksârâ Latin. *Transliterasi teks SSC* mênikâ ngginakakên *metode transliterasi diplomatik sâhâ metode transliterasi standar*. *Transliterasi diplomatik* dipunginakakên kanggé ndamêl *alih tulis* têmbung-têmbung ingkang ngginakakên bâsâ Arab. *Transliterasi standar* dipunginakakên kanggé ndamêl *alih tulis* têmbung-têmbung ingkang ngginakakên bâsâ Jawi.

Wontên *transliterasi standar* mênikâ sêrataning *teks* dipunsêrat kanthi dipunsampurnakakên, kanthi kajumbuhakên adhêdhasar *ejaan* basa Jawi ingkang lumampah. Kanthi *transliterasi standar* kaangkah *teks* asiling *alih tulis* sagêd dipundamêl sasaé-saénipun. Pramilâ, *teks* asiling *alih tulis* mênikâ gampang dipunwaos, sâhâ gampang dipunmangrêtosi surasanipun.

Metode Terjemahan ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikâ wontên tigâ, inggih *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi maknâ, sâhâ *terjemahan bebas*. Lampahing *terjemahan harfiah* mênikâ caranipun kanthi madosi têngêsipun têngbung mbâkâ têngbung ingkang têngêsipun paling saèmpêr kaliyan têngbung asalipun, inggih saking bâsâ Jawi dhatêng bâsâ Indonesia. Ananging, botên sadâyâ têngbung mênikâ sagêd dipun-*terjemah* dhatêng bâsâ Indonesia, milâ kêdah dipunginakakên *metode terjemahan isi sâhâ bebas kontekstual*.

Panalitèn mênikâ ngandharakên bab *ahli nêrâkâ* miturut agami Islam wontên *Syair Sêkar Cêpâkâ*. *kategorisasi* wontên *teks SSC* kapérang dados kalih, inggih mênikâ, 1) Indhaking nêrâkâ sâhâ pérangan ingkang manggèni, 2) Pérangan manungsâ nalikâ dintên kiyamat.

Indhaking nêrâkâ wontên *teks SSC* mênikâ kapérang dados pitu. Urutanipun nêrâkâ miturut *teks SSC* inggih mênikâ, 1) Nêrâkâ *Hawiyah*, 2) Nêrâkâ *Jahim* 3) Nêrâkâ *Saqar*, 4) Nêrâkâ *Ladha* 5) Nêrâkâ *Hutamah*, 6) Nêrâkâ Sangir, sâhâ 7) nêrâkâ *Jahanam*. Wondéné katrangan nêrâkâ kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

1. Indhaking nêrâkâ ingkang sapisan inggih mênikâ nêrâkâ *Hawiyah*, inggih mênikâ nêrâkâ ingkang dipunsamêktakakên kanggé tiyang ingkang timbangan dosanipun langkung kathah tinimbang amalipun. Wondéné golongan tiyang ingkang wontên ing nêrâkâ *Hawiyah* inggih mênikâ tiyang ingkang munafik, tiyang ingkang kufur sâhâ sapanunggalanipun.

2. Nêrâkâ *Jahim* mênikâ indhaking nêrâkâ ingkang kaping kalih. Golongan ingkang wontên ing nêrâkâ *Jahim* mênikâ tiyang ingkang nalikâ gêsang nyêkutokakên utawi pitados dhumatêng sêsêmbahan sasanèsipun Gusti Allah.

3. Nêrâkâ *Saqar* mênikâ kawrat wontên Al-Quran, singir lsp. minangkâ pèpêngêt kanggé para manungsâ ingkang taksih gêsang supados iman dhatêng Kitab Allah. Bab nêrâkâ *Saqar* ingkang kawrat wontên *teks SSC* mênika gégayutan ayat Al-Quran ing nginggil, inggih sami-sami ngandharakên nêrâkâ *Saqar* mênikâ papanipun golongan tiyang ingkang sêsat Kitabipun utawi botên iman tumrap Kitabipun Gusti Allah SWT. Pramila, botên wontên kèndêlipun tumrap ahli nêrâkâ *Saqar*.

4. Nêrâkâ *Ladha* inggih mênikâ indhaking nêrâkâ ingkang kaping sakawan. Nêrâkâ *Ladha* inggih mênikâ papan ingkang salêbêtipun wontên latu ingkang panas sanget. Golongan ingkang manggèn wontên nêrâkâ *Ladha* mênikâ Iblis sâhâ pandherekipun, inggih mênikâ tiyang ingkang botên iman kaliyan agamanipun Gusti Allah SWT. Manungâ ingkang amarisi nêrâkâ *Ladha* mênikâ manungsâ ingkang nalikâ gêsang ngudi hâwâ nêpsunipun.

5. Nêrâkâ *Hutamah* inggih mênikâ latu ingkang dipunsamêktakakên déning Gusti Allah kanggé tiyang Yahudi. Wontên cuplikan ayat surat Al-Humazah ing nginggil ugi kaandharakên siksâ wontên nêrâkâ *Hutamah*,

inggih kanthi dipuntangsul wontên sâkâ-sâkâ ingkang wontên ing nêrâkâ Hutamah.

6. nêrâkâ Sangir mênikâ kalêbêt indhaking nêrâkâ ingkang kaping ênêm. Nêrâkâ Sangir mênikâ awujud latu ingkang mulad-mulad. Kaum ingkang dipunlêbêtakên wontên nêrâkâ Sangir mênikâ kafir Nasrani, inggih mênikâ kaum ingkang botên pitados tumrap Al-Quran. Kaum nasrani inggih mênikâ kaum ingkang sapérangan wiwitanipun umat saking Nabi Isa A.s., nanging botên pitados tumrap Mukjizat saking Gusti Allah SWT.

7. Nêrâkâ Jahanam mênikâ indhaking nêrâkâ ingkang paling ngandhap piyambak, inggih mênikâ indhak nêrâkâ nomêr pitu. Wontên nêrâkâ Jahanam, ingkang manggèn inggih mênikâ kaum ingkang kafir, para iblis, sâhâ tiyang ingkang botên nindakakên dhawuhing Gusti lajêng dèrèng tobat dumugi sédanipun. Siksâ wontên nêrâkâ Jahanam mênikâ paling awrat, milâ ingkang manggèn wontên Jahanam dipunwatani *makhluk* ingkang paling awon déning Gusti Allah SWT.

Wontên *teks SSC* kaandharakên bilih sasmpunipun Sangkala dipunsêbul inggih dintên kiyamat mênikâ sadâyâ umat manungsâ kaperang dados kalih wêlas pérangan. Saking kalih wêlas pérangan golongan mênikâ namung satunggal golongan ingkang bêgja. Bab mênikâ kawrat wontên *teks SSC* ingkang kaandharakên wontên ing ngandhap mênikâ.

1. manungsâ ingkang wontên gêsangipun asring ndamêl cidraning manah tangganipun, asring ndamêl botên têntrem gêsangipun tânggâ, bénjing nalikâ wontên akhirat èstu pikantuk

kacilakan. Pramilâ, bab mênikâ kaandharakên wontên Al-Quran, Hadits, sâhâ Syiir minangkâ pêpêngêt kanggé sadâyâ manungsâ ingkang taksih gêsang, supados ngatos-atos anggènipun matur kaliyan tiyang sanès. Manungsâ ingkang naté nglampahi dosâ ndamêl cidraning manah tiyang sanès, kédah énggal-énggal nindakakên tobat dhumatêng Allah SWT. Mênawi dugi sédanipun dèrèng ngantos tobat, manungsâ mênika kalêbêt manungsâ ingkang èstu pikantuk kacilakan saking Gusti Allah nalikâ bénjing wontên akhirat.

2. Salajêngipun inggih mênikâ pasuryan golongan cèlèng. cèlèng ingkang dipunmaksud inggih mênikâ tiyang ingkang nggêgampil kawajiban sholat nalikâ taksih gêsang wontên donyâ. Wontên agami Islam sholat mênikâ salah satunggalipun ibadah ingkang wigatos sangêt, ugi dipunwastani minangkâ *tiyang agama*. Pramilâ, pêngêtan kanggé manungsâ ingkang nggêgampil sholat kaandharakên saèstu déning Gusti kanthi dipunambali wontên ing ayat-ayat Al-Quran. Sanèsipun mênika, tiyang ingkang nggêgampil sholat ugi kawrat wontên hadits-hadits, sâhâ kaandharakên ugi wontên syiir. Saking pêngêtan- pêngêtan mênikâ kaangkah ibadah sholat mênikâ dipuntindakakên kanthi saèstu déning manungsâ supados tinêbihakên saking siksâ ingkang nêlangsa kados ingkang dipunandharakên.

3. Pérangan ingkang kaping tigâ mênikâ sagêd dipunmangrêtosi bilih pérangan ingkang padharanipun kathah klabang, kâlajêngking,

sâhá ulanipun. Pérangan mênikâ inggih manungsâ ingkang nalikâ taksih gêsang botên nindakakên kawajiban zakat. Kawajiban zakat sâhá piwalês kanggé manungsâ ingkang botên nindakakên kawrat wontên ing ayat-ayat Al-Quran, hadits, utawi singir kados ing nginggil. Bab mênikâ kathah dipunandharakên supados manungsâ mênikâ botên kalêbêt pérangan ingkang dipun-*laknat* Gusti ingkang nomêr tigâ mênikâ.

4. Pérangan manungsâ ingkang nomêr sakawan, bilih pérangan mênikâ pârâ manungsâ ingkang tutukipun ngêdalakên gêni sâhá rah. Pérangan mênikâ wujudipun makatên amargi nalikâ taksih gêsang wontên donyâ goroh anggènipun sadéyan, milâ dipunlaknat déning Gusti kanthi wujud makatên. Prakawis mênikâ ugi dipunrêmbag déning Marhan 2012: 75. Pêpêngêt prakawis mênikâ ugi kawrat wontên Al-Quran, inggih surat Al-Mutaffifin ayat sadâsâ. Pramilâ, minangka manungsâ ingkang taksih gêsang ing donyâ kédah nêbihi prakawis ingkang jujur nalikâ sadéyan. Sadéyan mênawi botên jujur têtmu kémawon sagêd nguciwani tiyang sanês, milâ manungsâ ingkang goroh nalikâ sadéyan dipunsiksâ kados ingkang kaandharakên ing nginggil.
5. Prakawis maksiyat mênikâ tumindak ingkang saèstu boteên dipunkêparêngakên déning Gusti Allah. Pramilâ, manungsâ ingkang tumindak maksiyat dipuntedahakên siksaniipun salah satunggaling ingkang awrat. Wontên SSC kaandharakên bilih manungsâ ingkang tumindak maksiyat mênikâ kalêbêt golongan ingkang kaping gangsal, inggih mênikâ

golongan ingkang dipunlaknat Gusti kanthi botên dipunkatingalakên wujudipun nanging sagêd dipunmangrêtos wontênipun awit gandanipun ingkang kados bathang. Prakawis mênikâ kathah kawrat wontên Al-Quran, hadits, singir, lsp. Pramilâ, minangka manungsâ ingkang taksih gêsang kédah nêbihakên tumrap tumindak maksiyat.

6. Nomêr ênêm mênikâ kalêbetakên wontên pérangan ingkang dipunlaknat Gusti Allah nalikâ kiyamat kanthi dipundamêl sami tugêl jangganipun. Pérangan mênikâ inggih manungsâ ingkang dados sêksi ingkang palsu sâhá ngêdikakakên samukawis ingkang botên jumbuh kaliyan kasunyatanipun. Bab mênikâ salah satunggaling tumindak ingkang wigatos dipunmangrêtos sâhá dipuntêbihi déning manungsâ ingkang taksih gêsang.
7. Manungsâ ingkang nyingitakên kalêrésan mênikâ dados satunggaling golongan ingkang dipunlaknat déning Gusti Allah nalikâ dintên kiyamat. Prakawis mênikâ botên namung kawrat wontên *teks* SSC, nanging ugi kawrat wontên hadist sâhá pamanggih pârâ ahli. Pramilâ, supados dipuntêbihakên saking laknat Gust Allah ing nginggil, sampun ngantos ngêdikâ prakawis ingkang botên jumbuh kaliyan kasunyatanipun.
8. Manungsâ ingkang nindakakên zina, bénjing wontên akérat dipunwalês kanthi dipundamêl suku sâhá mahkotanipun dipunwalik. Sanèsipun mênikâ, kawrat wontên hadits bilih manungsâ ingkang sampun sêpuh ingkang nindakakên zinâ boten dipunjak pangandikan ugi botên dipunsucèkakên déning Allah.

Pramilå, supados dipuntêbihakên saking sikså ingkang kados makatên, sampun ngantos nindakakên zina. Pêpêngêt supados botên nindakakên zina ugi kawrat wontên ayat Al-Quran, hadits utawi singir kados ing nginggil, supados manungså nindakakên dhawuhing Gsuti Allah.

9. Nggumatèni laré yatim mênikå wigatos sangêt. Bab mênikå sagêd dipunmangrêtosni minångkå bab ingkang wigatos awit saking kathahing pêpêngêt ingkang ngrêmbag bab mênikå. Pêpêngêt supados nggumatèni laré yatim mênikå kawrat wontên Al-Quran, hadits, sårå syiir. Manungså ingkang nggumatèni laré yatim badhé dipunparingi ganjaran ingkang agêng déning Allah wontên akérat samangké. Kosok wangsulipun, manungså ingkang tumindak zalim dhatêng laré yatim badhé dipunparingi sikå ingkang awrat déning Gusti Allah. Salah satunggaling siksaniipun mênikå inggih dipundamêl cêmêng pasuryanipun, dipunisi padharanipun kanthi gêni sårå nétranipun mêdal.
10. supados pikantuk karidlaning Gusti manungså kêdah bêktos tumrap tiyang sêpuh. Manawi manungså botên bêktos kaliyan tiyang sêpuh kanthi ndamêl cidraning manahipun, milå wontên akérat badhé dipunsikså déning Gusti kanthi awrat. Salah satunggaling siksaniipun inggih kanthi dipunparingakên lêlaran tumrap manungså ingkang ndamêl cidraning manahipun tiyang sêpuh ngantos kulitipun cacad sadâyå. Pramilå, bêktos tumrap tiyang sêpuh mênikå kêdah dipuntindakakê ngantos salami-laminipun supados botên pikantuk

siksaning Gusti Allah nalikå wontên akérat samangké.

11. satunggal wêlas inggih mênikå pérangan manungså ingkang nalikå taksih gêsang ngunjuk sårå manungså ingkang wontên donyå cêlak kaliyan *khamr*. *Khamr* mênikå dipunharamakên déning Gusti amargi sagêd ndamêl wuru tumrping manungså. Nalikå manungså wuru, andadosakê tumindakipun kados sétan, kados tå nindakakên maksiyat. Pramilå, awit saking awonipun prakawis *khamr* mênikå, Gusti Allah paring Firman dhatêng manungså bilih arak sajinisipun mênikå haram. Manungså ingkang ngunjuk arak sajinsipun nalikå dintên kiyamat dipunparingi sikså ingkang awrat kados wontên pérangan *teks SSC* nomêr satunggal wêlas.

DUDUTAN SÅHÅ PAMRAYOGI

A. Dudutan

1. Deskripsi naskah Syiir Sêkar Cêpåkå

Irah-irahan *naskah sårå teks* ingkang dipunginakakên minångkå sumpêr panalitên mênikå inggih *Syiir Sêkar Cêpåkå*. *Naskah sårå teks Syiir Sêkar Cêpåkå* mênikå dipunanggit déning Li Abi Muhamad Shalih Al Hajawi. Pungkasaning nyêrat *teks SSC* mênikå wanci jam sêtengah satunggal siyang dintên Senin Pon, 17 Surå utawi 6 Oktober taun 1952 M.

Bahaning *naskah SSC* mênikå saking HVS. Kawontênaning samak *naskah SSC* mênikå sagêd dipunwastani taksih saé. Dlancangipun

Venny Indria Ekowati, M. Litt.

suwèk sakêdhik, nanging sêrataipun taksih gampil dipunwaos.. Dlancang wontên lèbêtipun ugi taksih wêtah sabên kacanipun, botên wontên ingkang risak, milå *teks*-ipun taksih gampil dipunwaos.

Teks SSC mênikå kalêbêt *teks* piwulang agami Islam. *Teks*-ipun dipunsêrat mawi aksårå Arab Pégon kanthi undhå-usuk basanipun ngginakakên bâså ngoko. Isining *teks SSC* mênikå purwåå ingkang ngandharakên salam pambukå saking panganggit, lajêng pirêmbagan saking isining *teks* salajêngipun pungkasaning *teks* ingkang isinipun puji sokur saking panyêrating *teks SSC*.

2. Transliterasi sårå Suntingan Teks Syiir Sêkar Cêpåkå

Transliterasi ingkang dipundamêl wontên panalitèn mênikå inggih saking aksårå Arab Pégon wontên aksårå Latin. Wondéné *metode transliterasi* ingkang dipunginakakên wontên panalitèn mênikå ngginakakên *metode transliterasi standar sårå metode transliterasi diplomatik*. *Transliterasi standar* mênikå dipunginakakên kanggé *transliterasi* têngbung-têngbung bâså Jawi, déné *transliterasi diplomatik* mênikå dipunginakakên kanggé *transliterasi* têngbung-têngbung bâså Arab.

Sasampunipun katindakakên *transliterasi*, salajêngipun dipundamêl *suntingan teks*-ipun. Saking lampahing *suntingan teks* ingkang dipundamêl, kapanggihakên sangålas têngbung ingkang dipun-*sunting*. Têngbung-têngbung saking

Kajian Filologi sårå ... (Lanjar Nurcahyo) 9

asilig *terjemahan teks SSC* ingkang dipun-*sunting* mênikå adhêdhasar panyêratipun ingkang limrah, inggih kanthi kajumbuhakên *Bausastra Jawa* (Sukardi, dkk., 2011) *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* tahun 2006.

3. Terjemahan

Terjemahan ingkang dipundamêl wontên panalitèn mênikå ngginakakên tigang *metode*, inggih mênikå *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi*, sårå *terjemahan bebas*. *Terjemahan harfiah* mênikå cårå ndamêl *terjemahan* kanthi nêgêsakên sabên satunggal mbåkå satunggal têngbung. Manawi kanthi *terjemahan* harfiah botên sagêd dipun-*terjemah*-akên lajêng dipunginakakê cårå *terjemahan isi*. Manawi kanthi *terjemahan* isi dèrèng sagêd dipundamê *terjemahan*-ipun milå dipunginakakên cårå *terjemahan bebas*.

4. Pangrêmbag Bab Ahli Nêråkå wontên teks SSC

Saking panalitèn mênikå sagêd dipunmangrêtos bilih *teks SSC* mênikå ngêwrat pirêmbagan bab ahli nêråkå miturut agami Islam. Wondéné ahli nêråkå ingkang kawrat wontên *teks SSC* mênikå wontên pitu, gayut kaliyan gunggungipun nêråkå. Urutanipun nêråkå miturut *teks SSC* inggih mênikå, 1) Nêråkå *Hawiyah*, ingkang manggèn inggih tiyang munafik, 2) Nêråkå *Jahim*, ingkang manggèn tiyang ingkang nyêkutokakên Allah 3) Nêråkå *Saqar*, ingkang manggèn tiyang ingkang kafir kitåbé 4) Nêråkå *Ladha*, ingkang manggèn inggih iblis, kafir majusi sårå tiyang ingkang botên sagêd nyandhêt napsu lahiriyah 5) Nêråkå *Hutamah*, ingkang

manggèn inggih kafir Yahudi 6) Nêrâkâ Sangir, ingkang manggèn inggih mênikâ kafir Nasrani, sâhâ 7) nêrâkâ *Jahanam*, ingkang manggèn inggih umat Muhammad ingkang nindakakên dosâ agêng.

Gayut kaliyan bab ing nginggil, wontên ugi ahli nêrâkâ ingkang dipunlaknat déning Gusti Allah nalikâ dintên kiyamat. Bilih manungsâ ingkang dipunlaknat mênikâ dipunpérang wontên satunggal wêlas golongan. Wondéné ahli nêrâkâ ingkang dipunlaknat Gusti Allah inkang kawrat wontên *teks SSC* kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

- 1) Pérangan ingkang suku sâhâ astanipun sami tugêl. Pérangan mênikâ sami tugel suku sâhâ astanipun amargi nalikâ ing donyâ botên sagêd njagi lidhahipun, inggih nalikâ matur ndamêl cidraning tiyang sanès.
- 2) Manungsâ ingkang dipunparingi pasuryan sato cèlèng. Pâra manungsâ mênikâ dipunlaknat déning Gusti amargi nggêgampil shalat sâhâ ngantos nilarakên sholat.
- 3) Manungsâ ingkang padharanipun manungsâ ingkang botên zakat mênikâ padharanipun dipunsukani klabang, kâlâjêngking sâhâ ulâ ingkang agêng. Golongan mênikâ botên nindakakên kuwajiban zakat.
- 4) Manungsâ ingkang dipunbakar tutukipun ngantos ngêdalakên gêtih. Golongan mênikâ nalikâ taksih gêsang ing donyâ sami goroh nalikâ sadéyan.
- 5) Manungsâ ingkang dipunsingitakên wujudipun, nanging wontênipun golonngan mênikâ sagêd dipunmangrêtosni wontênipun awit gandanipun ingkang basêng. Golongan

mênikâ nalikâ ing ndonyâ nindakakên maksiyat.

- 6) Manungsâ ingkang jangganipun dipuntugêl. Golongan mênikâ nalikâ taksih gêsang wontên donyâ nêksèni prakawis kanthi dipunlintokakên.
- 7) Manungsâ ingkang lidhahipun sami nglawèr. Golongan mênikâ nalikâ taksih gêsang wontên ing donyâ sami botên purun dados sêksi tumrap samukawis ingkang lêrês.
- 8) Manungsâ ingkang mahkotâ kaliyan sukunipun dupunwalik. Golongan mênikâ nalikâ taksih gêsang sami tumindak zina, inggih tumindak awon.
- 9) Manungsâ ingkang sami mêdal nétranipun, padharanipun dipunisi gêni sâhâ pasuryanipun gosong. Golongan mênikâ nalikâ gêsang wontên donyâ nganiyâyâ sâhâ dhahar beyanipun laré yatim.
- 10) Manungsâ ingkang sami cacad sâhâ dipunparingi lêlaran ing kulitipun. Golongan mênikâ nalikâ wontên donyâ ndamêl cidraning manah tiyang sêpuh.
- 11) Manungsâ ingkang pasuryanipun kados rasêksâ, tutuk sâhâ padharanipun nglèwèr. Golongan ingkang ngunjuk arak sâhâ *qamr* nalikâ gêsang.

B. Pamrayogi

Adhêdhasar panalitèn ingkang sampun kalampahan, milâ prêlunipun pamrayogi tumrap prakawis ingkang gayut kaliyan panalitèn *Syuir Sêkar Cêpâkâ* mênikâ. Wondéné pamrayoginipun kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

1. Panalitèn mênikâ minangkâ ingkang sapisan tumrap *Syuir Sêkar Cêpâkâ*, milâ prêlunipun

panalitên sambêtipun saking *teks SSC* mênikâ,
kados ta bâsâ sastrâ utawi sanèsipun.

Sukardi, dkk. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.

2. *Naskah* Jawi inggih mênikâ samukawis têtilaraning lêluhur ingkang botên sagêd dipunlintokakên kanthi pawitan. Amargi tanpâ mangrêtosî ngèlmi ingkang kaandharakên lêluhur kados bangsâ ingkang botên gadhah larah-larahipun. Milâ, *naskah* Jawi mênikâ kêdah dipuntaliti supados botên risak utawi *berpindah tangan* wotên mâncâ nagari.

KAPUSTAKAN

A. Manuskrip

Al-Hajawi, Li Abi Muhammad. 1952. *Syair Sekar Cempaka*. Kudus: Menara Kudus.

B. Pustakâ

Abdullah, Muhammad. 2006. *Dekonstruksi Sastra Pesantren*. Semarang: Fasindo Press.

Arifin, Syamsul. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.

Baroroh-Baried, Siti, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Kaelan-Riyanto. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.

Magnis-Suseno, Franz. 1984. *Etika Jawa "Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijakan dan Hidup Jawa"*. Jakarta: Gramedia.

Mulyani, Hesti. 2014. *Teori dan Metode Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkâra Media.

Robson, S. O. 1994. *Prinsip-Prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: RUL: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Saputro, Karsono. 2008. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.